ANA PAPAT BEBENER SING KUDU KITA MANGERTENI KANTHI LENGKAP:

1 ALLAH TRESNO KOWE.

GUSTI ALLAH KEPÉNGIN KOWÉ NDUWÈNI URIP LANGGENG KARO PANJENENGANÉ ING SWARGA. Awitdene Gusti Allah anggone ngasihi marang jagad iku nganti masrahake Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengane aja nganti nemu karusakan, nanging nduwenana urip langgeng. YOKANAN 3:16
GUSTI ALLAH KEPÉNGIN KOWÉ NDUWÈ URIP SING LUBÈR LAN MIGUNANI. Maling iku tekane mung arep nyolong lan nyembeleh sarta nyirnakake; Aku iki teka supaya wedhus-wedhus padha duwea urip, kanthi kaluberan. YOKANAN 10:10

NANGING, AKEH WONG SING ORA NGALAMI URIP SING MIGUNANI LAN ORA YAKIN KARO URIP LANGGENG AMARGA ...

2 MANUNGSA IKU WONG DOSA. DADI DHEWEKE PISAH KARO GUSTI ALLAH.

Marga kabeh wong wis padha gawe dosa sarta koncatan ing kamulyaning Allah, RUM 3:23

Awit pituwase dosa iku pati... RUM 6:23

ANA RONG JINIS PATI SING DISEBUTAKE ING KITAB SUCI:

Sarta padha kayadene manungsa katetepake mati mung sapisan bae, lan sawise iku diadili, IBRANI 9:27

Nanging para wong kang jirih, lan wong kang ora pracaya, kang ambek nistha, kang mateni wong, kang laku jina, kang olah panenungan, kang nyembah brahala, lan sakehe wong kang para-cidra, iku pandumane ana ing sagara geni lan walirang kang murub; yaiku pati kang kapindho. WAHYU 21:8

YEN MANUNGSA PISAH KARO GUSTI ALLAH AMARGA DOSA, APA SOLUSI KANGGO MASALAH IKI?
KITA ASRING MIKIR IKI MINANGKA SOLUSI:

AGAMA, TUMINDAK BECIK, MORAL

NANGING, MUNG ANA SIJI SOLUSI SING DIWENEHAKE DENING GUSTI ALLAH.

3 GUSTI YESUS KRISTUS MINANGKA SIJI-SIJINE DALAN MENYANG SWARGA.

Pangandikane Gusti Yesus: Aku iki dalane, sarta jatine kayekten lan kauripan. Ora ana wong siji-sijia kang bisa sowan marang Sang Rama, manawa ora metu ing Aku. YOKANAN 14:6
Sabab Gusti Yesus Kristus uga wus nglampahi seda sapisan marga dosa kita kabeh, Panjenengane kang tanpa kaluputan kanggo wong-wong kang kaluputan, supaya kita padha bisa kasowanake marang ing ngarsaning Allah: Panjenengane kasedanan mungguh ing kadagingan, nanging kagesangake mungguh ing Roh, 1 PETRUS 3:18
Sing sapa pracaya marang Sang Putra, iya nduweni urip langgeng, nanging sing sapa ora mituhu marang Sang Putra, iku bakal ora weruh ing urip, nanging malah langgeng anggone kataman ing bebenduning Allah. YOKANAN 3:36

NANGING, ORA CUKUP MUNG NGERTI APA SING WIS DITINDAKAKE YESUS KRISTUS KANGGO KITA.

4 KITA KUDU PRACAYA MARANG GUSTI YESUS KRISTUS KANGGO KAWILUJENGAN KITA.

KAWILUJENGAN KITA SAGED KATINDAKAKEN KANTHI SIH-RAHMATIPUN GUSTI AWIT SAKING PITADOS DHATENG GUSTI YESUS KRISTUS.
Sabab anggonmu padha kapitulungan rahayu iku saka sih-rahmat marga pracaya; lan iku dudu wohing pambudidayamu, nanging peparinge Gusti Allah, iku dudu wohing panggawemu: aja ana wong kang gumunggung. EFESUS 2:8-9

NDEDONGA IKI KANTHI IMAN:

DHUH GUSTI YESUS, MATUR NUWUN SANGET AWIT SIH KATRESNAN PADUKA DHATENG KAWULA. AKU NGAKONI AKU WONG DOSA LAN AKU NJALUK PANGAPURA. MATUR NUWUN KANGGO MATI ING KAYU SALIB KANGGO MBAYAR PAUKUMAN KANGGO DOSA KAWULA. KAWULA PITADOS DHATENG WUNGUNIPUN PANJENENGAN SAKING SEDA. WIWIT SAIKI, AKU PRECAYA MARANG KOWÉ MINANGKA GUSTI LAN JURU SLAMETKU. AKU NAMPA PEPARING PADUKA GESANG LANGGENG LAN KAWULA PASRAHAKEN GESANG KAWULA DHUMATENG PADUKA. PADUKA MUGI KARSAA NULUNGI KAWULA SUPADOS NETEPI DHAWUH PADUKA, SAHA DADOS RENANING PENGGALIH ING NGARSA PADUKA. AMIN.

YEN SAMPEYAN PRACAYA MARANG GUSTI YESUS, ING NGISOR IKI WIS KEDADEN KANGGO SAMPEYAN:

- KOWE DUWE URIP LANGGENG KARO ALLAH.
Sabab karsane RamaKu iku, yaiku supaya saben wong kang ndeleng lan pracaya marang Sang Putra, iku nduwenana urip langgeng, sarta supaya Aku nangekna besuk ing wekasaning jaman. YOKANAN 6:40
- KABEH DOSAMU DIAPURA. (KEPUNGKUR, SAIKI, MANGSA)
Panjenengane wus ngluwari kita saka panguwasaning pepeteng, kaelih menyang kratone Sang Putra kang kinasih. Ana ing Panjenengane anggon kita nduweni tetebusan, yaiku pangapuraning dosa. KOLOSE 1:13-14
- SAMPEYAN DADI TITAH ANYAR ING NGARSANE GUSTI ALLAH.
IKI MINANGKA WIWITAN URIP ANYAR SAMPEYAN.
Dadi sapa kang ana ing Sang Kristus, iku dadi titah anyar: kang lawas wus sirna, lan kang anyar pranyata wus teka. 2 KORINTA 5:17
- KOWÉ SAIKI DADI ANAKÉ GUSTI ALLAH.
Nanging sapa bae kang nampani Panjenengane iku diparingi wewenang dadi para putraning Allah iya iku kang padha pracaya marang asmane, YOKANAN 1:12

TUMINDAK KABECIKAN IKU DUDU SARANA KANGGO KASLAMETAN, NANGING MINANGKA BUKTI KESLAMETAN KITA.

Sabab anggonmu padha kapitulungan rahayu iku saka sih-rahmat marga pracaya; lan iku dudu wohing pambudidayamu, nanging peparinge Gusti Allah, iku dudu wohing panggawemu: aja ana wong kang gumunggung. EFESUS 2:8-9